

Jeneral

1. Èske paran yo ka chwazi yon moun dirèk oswa fòmasyon a distans pou pitit yo?

Si timoun nan soti nan preskolè rive 3yèm ane paran an ka chwazi yon moun dirèk oswa fòmasyon a distans pou tomoun nan. Si timoun nan soti 4yèm rive 12yèm ane epi li pa nan yon sal klas ki genyen yon separasyon enpòtan, donk elèv la pral resevwa enstriksyon ak sèvis a distans.

2. Mwen gen enkyetid ke orè pou sèvis yo pral devlope epi prezante bay paran/moun k ap bay swen yo san pran

enfòmasyon nan men paran/moun k ap bay swen./Èske w ka di nou nan ki fason nou ka mande paran/moun k ap bay swen yo ofri sèvis a distans elèv ki nan 4-12 ane gendwa bezwen? Èske li posib pou ekip IEP a kontakte fanmi yo pi bonè?

14-18 septanm edikatè yo pral gen yon konferans fanmi pou chak paran/moun k ap bay swen. Done pou paran sou domèn prensipal bezwen, kapasite pitit yo pou evalye aksè aprantisaj a distans ak lòt obsèvasyon ou byennèt emosyonèl ak sosyal yo pandan eta ijans lan pral esansyèl pou detèmine kòman etidyan yo reponn ak bezwen yo lè lekòl reouvri.

L ap enpòtan tou pou fanmi yo bay enfòmasyon epi konprann totalman fason lekòl la oswa distri a planifye pou ofri sèvis edikasyon espesyal pou timoun yo nan nouvo ane lekòl la, ke se nan yon anviwònman fas a fas oswa a distans.

Aprè konferans yo a, paran yo pral resevwa dokiman ekri k ap dekri nenpòt diferans nan fason sèvis edikasyon espesyal yo pral ofri ta dwe genyen ladann kòman, ki kote ak kilè yo ta dwe ofri sèvis espesyalize, epi li ta dwe gen yon dat pou reflekte kilè sèvis yo ofri nan fason diferan yo pral kòmanse.

3. Poukisa se elèv sòti nan preskolè rive nan twazyèm ane sèlman k ap resevwa enstriksyon nan yon anviwònman an pèsòn?

Elèv nou yo ki gen plis bezwen (Elèv Prek-3 ki genyen andikap separasyon enpòtan, ak elèv anglè) gen priyorite pou aprantisaj an pèsòn.

4. Èske y ap konsidere timoun soti nan 4yèm-12yèm ane nan IEP pou andikap emosyonèl pou enstriksyon nan lekòl?

Modèl aktyèl CPS la genyen elèv ak andikap emosyonèl ki nan yon Pwogram Akademik Estriktire (yon klas ki gen yon separasyon enpòtan) ke yo pral konsidere pou yon enstriksyon an pèsòn.

5. Kisa distri a pral fè pou abòde enkyetid ekite ki gen anrapò ak aprantisaj an pèsòn parapò ak aprantisaj a distans? Kòman nou ka asire nou ke TOUT

elèv yo ap jwenn sa yo bezwen?

Distri a pral asire li ke tout elèv yo ap resevwa sa yo bezwen gras ak sa ki vini annapre yo:

- Konferans paran (14/9-18/9): Done pou paran sou domèn prensipal bezwen, kapasite pitit yo pou evalye aksè aprantisaj a distans ak lòt obsèvasyon ou byennèt emosyonèl ak sosyal yo pandan eta ijans lan pral esansyèl pou detèmine kòman etidyan yo reponn ak bezwen yo lè lekòl la reouvri
- Done nan men egzaminatè byennèt ak lòt egzamen enfòmèl ke yo administre nan kòmansman ane lekòl la.

6. Nan ki nivo w panse lekòl la ap kapab reponn rapidman pou yon elèv ki kòmanse a distans (4-12) men ki pa ka angaje?

Atant distri a pou ane lekòl k ap vini an se pou chak timoun genyen chak semèn moman kontwòl ak yon anlwaye. Sa pral asire ke distri a ka detèmine si elèv la gen difikilte pou angaje nan aprantisaj a distans lan epi reponn ak estrateji ak sipò apwopriye yo.

7. Kisa nou ta dwe atann pou 5yèm jou a?

Elèv yo pral patisipe nan yon reyinyon pa videyo an dirèk oswa konsèy pou revize orè aprantisaj endepandan nan kay elèv la pandan senkyèm jou a. Elèv la pral pase rès jounen an ap patisipe nan aktivite aprantisaj endepandan ke pwofesè klas elèv la ba li, founisè sèvis ki koresponn, ak/oswa espesyalis ki lakay yo.

8. Èske ap genyen yon "opsyon deyò" an pèsòn nan?

Nou okouran avantaj ki genyen nan yon opsyon deyò. Nan moman sa a, distri a dwe anvizaje gwosè kanpis la epi disponiblite espas sou plas (eg. teren jwèt), disponiblite espas ki andeyò sit la (eg. pak kominotè), ak tan an.

9. Pou elèv IEP k ap aprann a distans, èske y ap travay ak founisè regilye yo?

Nou pral fè tout sa ki nan posib nou pou kenbe elèv yo ak edikatè oswa founisè regilye yo, sepandan, nou pa ka bay garanti ke se sa ki pral rive. Genyen kèlke pami anplwaye nou yo ki pral bay sèvis ak enstriksyon an pèsòn. Pral genyen yon edikatè/founisè diferan k ap sipòte elèv k ap aprann a distans yo. Nou pral ba w non edikatè ak founisè timoun ou an, an septanm.

10. Pitit mwen an mande m jodi a kiyès konseye li a ap ye. L ap rantre nan 10yèm Ane. Kilè y ap pran desizyon sa a?

Chak elèv pral resevwa enfòmasyon sou kiyès pwofesè ak founisè y ap ye avan premye jou lekòl la.

11. Èske elèv ki nan klas ki gen separasyon enpòtan yo pral kapab patisipe nan aktivite klas gen ed epi entèraji ak elèv gen

ed, pou mande sa yon lòt fason kijan enklizyon ak enklizyon envès pral fonksyone?

Wi. N ap travay aktyèlman ak ekspè sante piblik nou yo pou ofri opòtinite enklizyon san danje pandan n ap minimize risk ekspozisyon.

Koneksyon De-Sans Enpòtan**12. Mwen genyon gwo santiman ke aprantisaj a distans bon jan kalite ta dwe genyen ladann opòtinite pou devlopman ak ranfòsman koneksyon ant kamarad.**

Èske sa ka fè pati rekòmandasyon pou lekòl yo?

Chak elèv pral asosye ak yon anplwaye pou li resevwa kontwòl dirèk chak semèn, sa ki an amoni ak direktiv klas nan tout distri a.

3

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

Kòmansman Espesyal

13. Kijan nou pral kenbe anplwaye yo an sekirite si y ap chanje kouchèt, fasilite itilizasyon twalèt, lave men, elatriye.?

Depatman Operasyon ak Etablisman nou yo te kòmande plizyè mil gan, blouz, mask, ak pwoteksyon figi. Biwo nou an ap travay tou ak Ekip Operasyon an pou asire li ke Kòmansman Espesyal nou ak klas ki gen gwo diferans separasyon yo genyen ekipman pwoteksyon anplis ki disponib ladan yo. Anplis, distri a pral fè fòmasyon pou anplwaye yo avan elèv yo retounen lekòl pou sèvis an pèsòn pou bay sekirite pou elèv ak anplwaye yo.

14. Nan yon efò pou diminye risk, èske yo ka bay klas kòmansman espesyal yo gen priyorite pou twouve yo nan espas ki pi an sekirite, nan bilding ki pi nèf nan CPS la ak pi bon echanj lè, reyon solèy, vantilasyon elatriye?

Depatman Operasyon ak Etablisman aktyèlman evalye chak klas nan chak lekòl pou detèmine si espas la apwopriye pou chak elèv ak pou anplwaye yo. Si espas la pa reponn ak egzijans ke (??) te etabli yo, donk y ap modènize oswa deplase klas la nan yon kote ki pi an sekirite.

Livrezon Sèvis

15. Kijan y ap jere sal klas ko-asèyman yo nan ane lekòl sa a? Pandan prentan an, pwofesè yo te gen anpil travay nan ko-ansèyman sal klas gen-ed, anseye klas sou-sep yo epi ofri asistans endividyèl a distans.

Nou okouran ke pwofesè yo t ap anseye plizyè gwoup elèv. Pou rezoud pwoblèm sa a, depatman an ap egzamine gwoup ka elèv yo epi travay ak administratè ki baze nan lekòl la pou katografye orè pwofesè yo pou anpeche sa rive pi devan.

16. Èske w ka di nou ki kantite sèvis alekri IEP pral bay elèv yo ki pral fè aprantisaj an pèsòn? Ki

kantite sèvis IEP a yo pral bay elèv k ap pran kou a distans yo?

(Soti nan DESE "Direktiv Otòn 2020 Sèvis Edikasyon Espesyal, 2020) Elèv yo dwe resevwa tout sèvis yo dokimante nan IEP yo nan enstriksyon an pèsòn yo, enstriksyon a distans, oswa yon konbinezon tou de. Orè konsistan klas yo, entèvansyon, sèvis ak terapi yo dwe genyen tan nou pase ap fè echanj dirèkteman ak pwofesè ak founisè sèvis ki konsène yo sou yon baz regilye, epi tou tan travay endepandan, jan sa apwopriye, ak opòtinite pou fè echanj ak kamarad klas.

Sèvis Moun

17. Pitit fi m nan gen yon 504 pandan l ap montenan 2yèm ane, sa pa site nan ankenn nan kategori ke aprantisaj an pèsòn asire pou li, men

sa t ap benefik pou li. Èske w ka pale ak "kritè distri" a kote chèz aprantisaj diskresyonè nan 2yèm-3yèm ane pral atribye?

Lidè distri ak lekòl yo ap finalize kritè distri a. Sirentandan an pral pataje enfòmasyon sa a nan pa twò lontan.

18. Mwen te wè nan dyapozitiv yo ke elèv ak andikap yo te ka genyen potansyèl pou kèk randevou an pèsún. Kisa sa

vle di epi èske n ap rive konnen si nou kalifye pou sa nan diskisyon fanmi ke w te mansyone k ap fèt nan kòmansman septanm nan?

Si distri a pase totalman a distans, Ofis Sèvis Etidyan an pral toujou eksplòre opòtinite pou bay sèvis an pèsòn limite (eg. sèvis konsène) pou elèv ki genyen bezwen enpòtan ak konplèks. Sa ap rive sèlman si distri a pase totalman a distans. Nan moman sa a, distri a ap mete elèv ki genyen bezwen konplèks ak enpòtan soti nan sal klas ki genyen separasyon enpòtan pou sèvis totalman an pèsòn.

Segondè

19. Pou elèv segondè nan klas ko-ansèyman nan CRLS - èske tout enstriksyon yo ap bay a distans oswa èske ap gen opòtinite pou

timoun nan IEP nan klas sa yo rankontre nan ti gwoup pou sipò? (Oswa èske tout edikatè espesyal yo ap bay sipò yo a distans?)

Pou elèv ki nan IEP nan sal klas ko-ansèyman nan CRLS tout enstriksyon yo ap a distans. Tout elèv nan CRLS eksepte pou sa yo ki nan sal klas ki gen separasyon enpòtan pral resevwa enstriksyon yo vityèlman.

20. Mwen pral fè 9yèm ane sa a. Jis pou m klè, sèvi ak pwopozisyon sipèrentandan an te voye pa imèl semèn pase a, kisa elèv yo ka

eskere an konparezon ak ane pase?

Elèv yo ta dwe gen aksè ak eksperyans aprantisaj enpòtan ak pwodiktif ki koresponn ak yon jou lekòl nòmal chak jou. Elèv yo pral gen aksè ak yon konbinezon enstriksyon pou tout gwoup, enstriksyon pou ti gwoup, opòtinite aprantisaj sosyo-emosyonèk, ak aktivite endepandan, ki aliye ak direktiv sal klas nan tout distri a.

Edikatè yo pral voye imèl bay elèv ak moun k ap bay swen yo chak semèn avan lendi maten ak yon plan pou semèn nan ak yon espas santralize pou orè ak devwa elèv yo.

Espesyal

21. Kèk timoun ak bezwen espesyal konte sou klas ki pa akademik pou anseye yo sou fòs yo. Èske gen klas tankou atizay ak mizik

ke yo pral retire nan plan a distans lan?

Elèv ki nan modèl ibrid oswa a distans lan pral genyen aksè ak espesyal (eg. atizay, mizik, djim).

6

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

Anplwaye

22. Genyen plizyè sikisal cps ki genyen eksperyans epi ki te ka ede nan plizyè fason enpòtan, tankou enstriksyon a distans e petèt an pèsòn. Prentan pase nou te sou kote. Nou fè pati kominote a. Kèk nan nou se granmoun enpòtan ke pitit nou abitye. Tanpri pale ak nou avan w kontakte ajans ekstèn pou sipò ansèyman.

CPS ap travay ak sendika a pou enfliyanse anplwaye ki la deja yo pou sipòte modèl an pèsòn ak a distans nou an. N ap pote plis enfòmasyon sou sa.

23. Nan ki fason y ap bay anplwaye yo travay an pèsòn oswa a distans? Èske yo ta dwe atann ke edikatè espesyal ak terapet pou bay alafwa

sèvis an pèsòn ak a distans IEP, nan menm oswa jou diferan semèn?

Yon fwa Resouszimèn konnen ki anplwaye ki pa kabay bay enstriksyon an pèsòn, depatman ak lekòl yo pral kapab detèmine ki anplwaye ki pral bay enstriksyon a distans oswa an pèsòn. Parapò ak dezyèm kesyon an epi anrapò ak reyinyon anplwaye Piblik la, "non". Sirentandan an te deklare ke edikatè espesyal ak terapet pa bay sèvis IEP alafwa a distans ak an pèsòn.

24. Founisè sèvis konsène yo nòmalman ofri sèvis yo (OT, Langaj, PT) pou tout elèv nan yon lekòl espesifik. Kòman sa fè posib pou

founisè sa yo travay ak sèlman 1-2 sal klas lè yo genyen ka ki ka kouvri tout nivo?

Yon fwa nou konnen ki anplwaye ki kapab bay enstriksyon an pèsòn, Ofis Sèvis Etidyan pral travay ak Margie Carlman, Sipèvizè Sèvis Konsène a pou egzamine ka yo epi fè ajisteman si sa nesèsè.

25. Talè a ou te mansyone ke yo atann ke edikatè espesyal yo anseye elèv alafwa an pèsòn ak a distans. Èske se menm bagay la pou pwofesè nan sal klas sou-separe, ki gen yon gwoup kompetans espesyalize?

Wi. Se menm bagay la pou pwofesè nan sal klas ki genyen separasyon enpòtan.

7

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

26. Si pa genyen ase anplwaye pou reponn bezwen IEP a distans èske yo konsidere lòt resous pou fèmen distans lan tankou founisè prive oswa lòt solisyon?

Si CPS manke edikatè oswa terapet espesyal, CPS pral swa anboche anplwaye CPS anplis oswa fè patenarya ak yon ajans ekstèn pou ofri sèvis.

27. Kijan w pral sipòte anplwaye ki genyen timoun lakay yo, yon fason pou yo sipòte elèv yo pandan y ap fè ekilib ant travay ak lavi yo? Ke n ap travay an pèsòn oswa a distans, pitit anplwaye nou yo bezwen swen ak edikasyon.

Biwo nou an okouran ke anpil anplwaye gen pitit oswa y ap pran swen manm fanmi aje. Distri a ap travay aktyèlman ak sendika a pou ede anplwaye ki bezwen sipò ak fleksibilite. N ap pote plis enfòmasyon sou sa.

28. Anpil founisè sèvis ki konsène ap travay ak elèv nan plizyè lekòl. Èske sa ap kontinye konsa? Kijan n ap kenbe anplwaye

ak elèv yo rete an sekirite ak chans miltipliye pou ekspozisyon sa a? E Edikatè Espesyal nan nivo K-3 yo k ap sèvi elèv k ap resevwa kou endividyèl oswa ke yo plase nan gwoup?

(Soti nan DESE "Konsèy Otòn 2020 Sèvis Edikasyon Espesyal, 2020). Distri a ap devlope devwa sal klas ak prekosyon ansanm ak sèvis livrezon orè pou elèv ki gen andikap yon fason pou yo resevwa sèvis konsistan ak IEP yo nan anviwònman ki genyen mwens restriksyon posib, jan sa defini nan [603 CMR 28.02\(12\)](#)

pandan an menm tan l ap chache kenbe pwotokòl sante ak sekirite aktyèl yo. Daprè direktiv Depatman an ke elèv nan nivo elemantè rete nan yon sal klas pandan pifò tan pandan jounen an, distri a gendwa vle anvizaje si yo ka ofri sèvis travay endividyèl dapre direktiv sante ak sekirite oswa,

de preferans, si yo ta dwe ofri sèvis yo andedan sal klas la. Pa egzanp, pwofesè edikasyon espesyal ak founisè sèvis konsène yo (patolojis langaj, terapet okipasyonèl, elatriye.) te ka ofri sèvis edikasyon espesyal nan anviwònman edikasyon jeneral ("Gri B") sèvis a distans parapò ak bilding lekòl la pa videyo konferans, olye yo vin nan sal klas la pou ofri sèvis yo. Pratik sa a te ka ede minimize depasman a pye andedan ap deyò sal klas yo pandan l ap bay aksè ak sèvis k ap sipòte enklizyon etidyan ak andikap.

8

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

29. Èske administratè distri ak lekòl yo ap travay an pèsòn pandan ane lekòl la, oswa y ap a distans?

Menm jan ak pwofesè nou yo, gendwa genyen administratè ki pral bezwen travay a distans akòz sikonstans espesyal (eg. kondisyon medikal). Administratè ki kapab travay an pèsòn pral kontinye vizite epi sipòte lekòl, anplwaye, ak elèv yo. Sa pral fèt ak mezi sekirite an plas ki genyen ladann enfòmè direktè ak anplwaye sou dat, dire, ak rezon vizit la. Li enpòtan pou sonje ki nan objektif pou rann li pi an sekirite pou travay ak aprann an pèsòn, dansite ak kantite moun nan bilding nan dwe limite (distans sosyal) epi nou dwe pran mezi prekosyon.

IEP 30. Pitit gason mwen (k ap antre nan 8yèm ane Otòn sa a) te sipoze pase egzamen IEP

mwa mas pase. Men sa p at fèt. Kisa yo pral fè pou sa?

Aktyèlman n ap travay ak anplwaye pou nou abòde kesyon reyinyon IEP ke yo te repòte nan Prentan an. Nou pral bay plis enfòmasyon sou reyinyon IEP pitit ou a k ap fèt an septanm. Si pitit ou a bezwen yon evalyasyon, biwo nou an ap kreye yon "Ekip Rekiperasyon" ki genyen ladann sikològ lekòl, edikatè, ak founisè sèvis ak administratè konsène (inisyèl ak reevalyasyon) pou akselere renkont oswa repriz ekip IEP yo. Biwo nou an pral bay plis enfòmasyon an septanm yon fwa yo anboche ekip yo.

31. Ki kantite reta reyinyon IEP ki genyen epi kisa plan an ye pou rive rete ajou ak pwogram yo?

Nou genyen yon gwo reta sou reyinyon IEP pou nou adrese ki soti Prentan 2020 Plan nou se anboche yon Ekip Rekiperasyon 8 espesyalis pou administre evalyasyon ak sipòte ekip nou ki baze

nan lekòl la reyinyon anyèl ak re-evalyasyon ki repòte. Swivi ekip sa yo, reyinyon, ak evalyasyon, pral fèt sou baz konpetans direktè Ofis Sèvis Etidyan an, Jean Spera.

9

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

32. Kijan nou pral abòde tès elèv yo? Espesyalman sila yo ki p at rive fè twa ane re-evalyasyon yo ane pase.

E si yo a distans? Y ap kòmanse ane a san yon IEP valid.

Dabò, IEP a se yon IEP an plas, epi sa valid epi pral kontinye opere gras ak IEP sa a.

Parapò ak twa ane evalyasyon an, genyen opsyon ke nou bezwen deside ansanm ak paran yo. Nou te genyen opsyon pou nou fè yon revizyon dosye yo gras ak yon istorik elèv, obsèvasyon, epi sèvi ak plizyè fòm ki ka ranpli nan fason dijital ki disponib (eg. fòm konpòtman, fòm devlopman langaj, elatriye). Genyen varyab pou nou pran an kont lè nou sèvi ak yon tès estandadize. Nou pral bezwen deside kisa bezwen elèv la yo ak jijman pwofesyonèl anplwaye pandan n ap anvizaje teste elèv yo a distans. Desizyon nou dwe baze sou done ki fyab ak valab.

Sipò Paran

33. Mwen vle konnen si paran ki manke konesans sou pwogram mat lekòl la ka jwenn fòmasyon yon fason pou yo pi byen asiste pitit yo?

Tanpri kontakte lyezon fanmi lekòl ou a pou plis enfòmasyon sou fòmasyon/wèbinè pou paran. Ou gendwa tou vizite [sitwèb depatman mat](#) CPS la pou jwenn resous anplis pou sipòte pitit ou lakay ou.

34. Ki plan w genyen pou kominike plan sa a epi reponn kesyon yo nan yon anglè ki fasil pou konprann ak nan plizyè lang?

Ou ka gade plan re-ouvèti distri a [la a](#). Anrapò ak reyinyon Piblik sa a, biwo nou an pral tradui dokiman sa a nan plizyè lang epi pibliye yo sou [sitwèb](#) depatman an.

Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl

10

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

35. Avèk timoun piti (eg. 5 ane) li sanble ke yon mask ochwa. E si yon paran decide ke pitit li pa ta dwe mete mask?

Distri a ap travay ak Komite Lekòl la pou egzije tout elèv mete mask, sof si elèv la genyen yon andikap/maladi ki anpeche li mete mask.

36. Èske ap genyen tès covid19 chak semèn pou elèv ak anplwaye yo menm jan MIT ap fè sa pou elèv ak anplwaye yo? Sinon kijan nou panse

jere pwoteksyon timoun nou yo si yon moun enfekte men li pa montre sentòm?

Genyen tès siveyans ki anplas pou tout anplwaye k ap antre nan bilding nan epi aksè kominote a ak tès gratis epi pratik. Pral genyen tès covid-19 pou elèv ki montre sentòm si paran yo dakò. Sa a se yon bagay volontè epi li pa ka obligatwa.

37. E si yon elèv refize kite mask li anplas?

Mask yo obligatwa pou tout elèv. Pral genyen pwosedi distri ak lekòl anplas si sa rive.

Teknoloji

38. Èske gen aparèy 1:1 pou elèv yo?

Wi. Tout elèv nan preskolè rive nan pwogram pòs-inivèsité ASD pral resevwa yon aparèy.

39. Tanpri, èske nou ka mete aplikasyon ak ekstansyon Google Chrome kounye a avan nou voye aparèy lakay pou elèv yo jwenn

sipò?

Depatman Teknoloji ak Enfòmasyon distri a ap travay pou prepare aparèy ki gen aplikasyon nesèsè ansanm ak ekstansyon Google Chrome pou elèv yo.

11

Reyinyon Piblik #2 11 out 2020, Ofis Sèvis Etidyan - Kesyon Repons (Vèsyon Kreyòl Ayisyen)

Kominikasyon

40. Tanpri èske w ka ba nou yon konpreyansyon pi klè sou chèn kominikasyon ekip Edikasyon Espesyal la? Mwen pa ka jwenn yon repsonn dirèk sou kiyès mwen ta dwe pale dirèkteman pou reyinyon IEP ki pral vini an ak fason pou fè pledwaye oswa pou jwenn sipò anplis.

Premye moun pou w kontakte se jesyonè ka pitit ou a. Si w bezwen sipò anplis, tanpri voye yon imèl bay administratè lekòl la (e.g., vis-direktè oswa direktè a). Ou ka kontakte tou Kowòdonatè Ofis

Sèvis Etidyan (Sipèvizè) an. Gade annapre a pou plis enfòmasyon: ● Lekòl Siperyè ak Segondè:

Desiree Phillips (dphillips@cpsd.us)

- FMA, G&P, Haggerty, King Open, Amigos, ak King: **Dr. Karyn Grace** (kgrace@cpsd.us)
- Special Start, Baldwin, Peabody, Tobin, Cambridgeport, Kennedy-Longfellow, Morse: **Shelagh Walker** (swalker@cpsd.us)
- Andeyò Distri a: **Joyce Costello** (jcostello@cpsd.us)

